



Pou Piblikasyon Imedya: 22/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ETAP ENPÒTAN NAN EDE BIZNIS VETERAN
ANDIKAPE YO POSEDE**

***Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la atenn 1,000 Biznis Veteran ki Andikape nan
Sèvis yo Posede ki sètifye ak aktif***

Douz nouvo biznis resevwa sètifikasyon SDVOB nan men OGS

Gade [videyo](#) istwa siksè SDVOB toupatou nan Eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a pwogram Biznis Veteran ki Andikape nan Sèvis yo Posede (Service-Disabled Veteran-Owned Business, SDVOB) nan Eta New York la te atenn yon etap enpòtan, ak plis pase 1,000 SDVOB sètifye kounye a ki aktif.

"Nou dwe veteran nou yo anpil rekonesans pou sèvis yo ak pou sakrifis yo menm ak fanmi yo te fè", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pwogram Biznis Veteran ki Andikape nan Sèvis yo Posede nan Eta New York onore veteran nou yo ki andikape nan sèvis yo lè li ofri yo opòtinite pou grandi biznis yo. Mwen fyè pou m anonse bèl reyalizasyon sa a — plis pase 1,000 konpayi sètifye ki aktif nan Eta New York — ki pwouve ke Biznis Veteran ki Andikape nan Sèvis yo Posede se yon fòs k ap grandi nan ekonomi Eta nou an".

Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare, "Jodi a, nou kontan pou nou mete ansanm ak Gouvènè Hochul nan anonse etap enpòtan nou te atenn nan pwogram SDVOB Eta nou an. Inisyativ enpòtan sa a te devlope anba lidèchip Gouvènè a ak gras a travay di ak devouman Divizyon Devlopman Biznis Veteran ki Andikape nan Sèvis yo ke veteran OGS yo dirije."

Divizyon Devlopman Biznis Veteran ki Andikape nan Sèvis yo te kreye nan OGS apre pwomilgasyon Lwa Biznis pou Veteran ki Andikape nan Sèvis yo, ki te siyen nan dat 12 me 2014. Lwa a pèmèt pwopriyete biznis ki elijib yo sètifye kòm yon SDVOB epi li ankouraje ak sipòte SDVOB ki elijib yo pou yo jwe yon pi gwo wòl nan ekonomi Eta a lè yo ogmante patisipasyon yo nan opòtinite kontra Eta a.

Lwa a pwomouvwa ak ankouraje patisipasyon Biznis Veteran ki Andikape nan Sèvis yo nan akizasyon piblik Eta a pou travay piblik, komodite, sèvis, ak teknoloji pou ankouraje

ak fè avanse devlopman ekonomik nan Eta New York. Lwa a te etabli yon objektif patisipasyon 6 pousan pou SDVOB yo nan kontra Eta yo.

Itilizasyon anyèl SDVOB ajans eta a yo te ogmante soti nan apeprè 16 milyon dola nan peman bay konpayi sètifye an 2016 rive jiska prèske 190 milyon dola an 2021 epi li sou wout pou l depase 200 milyon dola nan fen ane fiskal aktyèl la.

Pou selebre etap enpòtan sa a, OGS kreye yon [videyo](#) ki mete aksan sou twa istwa siksè SDVOB nan tout Eta New York. Nan videyo a genyen Direktè Divizyon Egzekitif Devlopman Biznis Veteran ki Andikape nan Sèvis yo, Ken Williams, ak pwopriyetè twa SDVOB ki sètifye nan Eta a:

- Grey O. Nina, Direktè Egzekitif Jeneral ak fondatè G & J Leading Construction Inc., yon konpayi konstriksyon jeneral ki sitiye nan Bronx. Depi li te resevwa sètifikasyon NYS SDVOB li a, Nina te wè revni anyèl konpayi li a nan travay gouvènman an ak sektè prive a ogmante soti nan 14,000 dola rive nan 8 milyon dola nan kèk ane.
- Darius Myles, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral DMYLES Inc., yon kontraktè jeneral ki sitiye nan Niagara Falls, NY. Myles te wè yon gwo kwasans nan konpayi li a. Li te pote apeprè 500,000 dola nan premye ane li kòm yon SDVOB sètifye, li espere gen yon revni nan travay sektè piblik ak prive ant 8 milyon dola ak 9 milyon dola ane sa a.
- Ty Thoeny, pwopriyetè WeldStream, LLC, yon founisè fabrikasyon asye ak solisyon kanalizasyon ki sitiye nan Ballston Spa, NY. Konpayi Thoeny a te kòmanse fonksyone lè li te resevwa sètifikasyon li twa ane de sa e li te wè biznis li triple nan gwosè.

OGS te anonse tou ke 12 biznis anba yo te fèk sètifye, sa ki fè kantite total SDVOB aktif yo vin plis pase 1,000:

- Sellsword Solutions, LLC, ki sitiye nan Rockville Centre, NY, bay sèvis konstriksyon jeneral.
- Versa Technologies LLC, ki sitiye nan Long Beach, NY, se yon konpayi enjeniri ak planifikasyon.
- Union Industries Inc., ki sitiye nan Rockville Centre, NY, bay sèvis renovasyon ak demolisyon.
- 2 Forest Park Lane, LLC, ki sitiye nan Vil New York, se yon konpayi Ospitalite ak pwodwi boulanjri.
- Tactical Home Inspections, ki sitiye nan West Seneca, NY, founi travay nivelaj an beton.
- Veterans Healthcare Supply Solutions, Inc., ki sitiye nan Jacksonville, Florid, se yon vandè an gwo pwodwi medikal.

- VETS Hardware LLC, ki sitiye nan Long Beach, NY, se yon kontraktè chapant.
- TrillaMed LLC, ki sitiye nan Bingham Farms, Michigan, se yon konpayi distribisyon ekipman medikal.
- Brownies Brand LLC, ki sitiye nan Slingerlands, NY, vann pwodwi ak akseswa pou Kanabidyòl (CBD).
- MEI Mail Services, Corp., ki sitiye nan Farmers Branch, Texas, bay sèvis kourye.
- 212Carpet Installation Inc., ki sitiye nan New Hyde Park, NY, se yon kontraktè planche komèsyal.
- NYCON Diamond & Tools Corp., ki sitiye nan Ronkonkoma, NY, vann ak repara materyèl ak ekipman konstriksyon.

Vizite ogs.ny.gov/veterans pou aprann plis sou Divizyon Devlopman Biznis Veteran ki Andikape nan Sèvis yo nan OGS, jwenn sètifikasyon epi gade yon repètwa biznis ki sètifye.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418